# ШЫҒЫНДЫЛАР ҲАҚҚЫНДА

**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ**

**19.02.2003-ж. №195/II**

**ШЫҒЫНДЫЛАР ҲАҚҚЫНДА**

Усы Нызамға төмендегилерге муўапық өзгерислер киргизилген

12.11.2003-ж. 227/II-санлы ҚР Нызамы

29.05.2004-ж. 273/II -санлы ҚР Нызамы

21.10.2011-ж. 99/VII-санлы ҚР Нызамы

**1-статья. Усы Нызамның мақсети ҳәм тийкарғы ўазыйпалары**

Усы Нызамның мақсети шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы мүнәсибетлерди тәртиплестириўден ибарат.

Усы Нызамның тийкарғы ўазыйпалары шығындылардың пуқаралар турмысы ҳәм денсаўлығына, қоршаған орталыққа зыянлы тәсириниң алдын алыў, шығындылардың пайда болыўын кемейттириў ҳәм олардан хожалық хызметинде ақылға муўапық пайдаланыўды тәмийинлеўден ибарат.

**2-статья. Тийкарғы түсиниклер**

Усы Нызамда төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:

**шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў —** шығындылардың пайда болыўы, оларды жыйнап алып кетиў, сақлаў, тасыў, көмип таслаў, қайта ислеў, утилизация ҳәм реализациялаў

менен байланыслы хызмет;

**шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў объектлери** – шығындыларды топлаў, сақлаў, тасыў, көмип таслаў, қайта ислеў, утилизация ҳәм реализациялаў ушын пайдаланылатуғын объектлер;

**шығынды паспорты** – шығынды келип шыққан орынды жәнеде шығындының индивидуаль өзгешеликлерин тастыйықлаўшы ҳүжжет;

**шығындылар –** ислеп шығарыў ямаса тутыныў барысында шийки зат, материаллар, шала өнимлери, басқа да буйымлар ямаса өнимлердиң пайда болған қалдықлары, сондай-ақ өзиниң пайдаланыў өзгешеликлерин жоғалтқан товарлар (өнимлер);

**шығындыларды жайластырыў лимити** – белгили бир мүддетке жайластырыў руқсат етилген шығындылардың ең жоқары муғдары;

**шығындыларды жайластырыў объекти** – шығындыларды сақлаў ҳәмде көмип таслаў ушын арнаўлы ажыратылған ҳәм үскенеленген орын;

**шығындыларды көмип таслаў –** шығындыларды, патасландырыўшы элементлердиң қоршаған орталықты бузыўының алдын алыўға қаратылған жәнеде бул шығындылардан алдағы ўақытта пайдаланыў имканиятын шеклейтуғын түринде бөлеклеп қойыў;

**шығындыларды сақлаў –** көмип таслаў, қайта ислеў ямаса утилизация етиў мақсетинде шығындылар алып кетилгенше, оларды арнаўлы үскенеленген ыдысларда сақлаў;

**шығындыларды утилизациялаў –** шығындылар қурамынан қымбатлы элементлерди бөлип алыў ямаса шығындыларды екинши дәрежели шийки зат, жанылғы, төгин сыпатында ҳәм басқа мақсетлерде ислетиў;

**шығындыларды қайта ислеў** – шығындыларды экологиялық жақтан қәўипсиз сақлаў, тасыў яки утилизациялаў мақсетинде олардың физикалық, химиялық яки биологиялық өзгешеликлерин өзгертиў менен байланыслы технологиялық операцияларды әмелге асырыў;

**шығындылардың пайда болыў нормативи –** өним бирлиги ислеп

шығарылып атырғанда яки басланғыш шийки зат бирлигинен пайда болатуғын анық бир түрдеги шығындылардың белгиленген муғдары;

**қәўипли шығындылар** — қурамында қәўипли (зәҳәрлилик, жуқпалылық, жарылыўшы, тез алысып кетиўшилик, реакцияға тез кирисиўши, радиоактивли) өзгешеликлерден eң болмағанда биреўине ийе элементлери бар болған, усындай элементлер пуқаралардың денсаўлығына ҳәм өмирине, қоршаған орталыққа өзи еркин түрде, сондай-ақ басқа элементлерге қосылған жағдайда тиккелей ямаса потенциал қәўип туўдыратуғын муғдарда ҳәм нормада бар болған шығындылар.

3-статья. Шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери

Шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери усы Нызам ҳәм басқа нызам ҳүжжетлеринен ибарат.

Шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери атмосфера ҳаўасына ҳәм суў объектлерине патаслаўшы элементлерди шығарып таслаў ҳәм ағызыў менен байланыслы мүнәсибетлерге тийисли емес.

**4-статья. Шығындыларға болған мүлк ҳуқықы**

Шығынды қайсы шийки зат, материаллар, шала өнимлер, басқа буйым ямаса өнимлерден, сондай-ақ товарлардан (өнимлерден) пайдаланыў нәтийжесинде пайда болса, шығындыларға болған мүлк ҳуқықы солардың ийесине тийисли болады.

Шығындыларға болған мүлк ҳуқықын басқа шахс алды-сатты, алмасыў, саўға етиў шәртнамасы ямаса шығындыларды басқа шахсқа бериў ҳаққындағы нызам менен қадаған етилмеген өзге келисимлер

тийкарында алыўы мүмкин.

Шығындылардың мүлк ийелери нызам ҳүжжетлеринде белгиленген ўәкилликлер шеңберинде шығындыларға ийелик етеди, олардан пайдаланады ҳәмде оларды меншиклестиреди.

Шығындылар жайласқан жер участкасының мүлк ийеси өзгерген жағдайда, шығындыларға болған мүлк ҳуқықының басқа шахсқа өтиўи жәнеде зыянлы ақыбетлер ушын жууўапкершилик нызам ҳүжжетлерине муўапық шешиледи.

**5-статья. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў тараўындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси:

Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыўға қаратылған улыўма мәмлекетлик бағдарламаларын орынлаўда қатнасады;

Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласында мәмлекетлик есап ҳәм қадағалаўды жүргизиўин тәмийинлейди;

Шығындылар көмип тасланған ҳәм утилизацияланған орынлардың мәмлекетлик кадастрын жүргизиўин тәмийинлейди;

Нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди иске асырады.

6-статья. Шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў тараўында арнаўлы ўәкилликке ийе мәмлекет уйымлары

Шығындылар менен байланыслы болған жумысларды әмелге асырыў саласындағы арнаўлы ўәкиллиги бар мәмлекет уйымлары төмендегилер:

Қарақалпақстан Республикасы Тәбиятты қорғаў бойынша мәмлекетлик комитети;

Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлиги;

Қарақалпақстан Республикасы Коммуналлық пайдаланыў бирлеспеси;

Қарақалпақстан таў-кән техникалық басқармасы.

7-статья. Қарақалпақстан Республикасы Тәбиятты қорғаў бойынша мәмлекетлик комитетиниң шығындылар менен байланыслы жумысларын әмелге асырыў саласындағы ўәкилликлери

Қарақалпақстан Республикасы Тәбиятты қорғаў бойынша мәмлекетлик комитети:

шығындылар менен байланыслы жумысларды иске асырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң талапларына әмел етилиўи устинен мәмлекетлик қадағалаўын әмелге асырады;

шығындылар менен байланыслы болған жумысларды әмелге асырыў саласындағы арнаўлы ўәкиллиги бар мәмлекет уйымларының хызметин муўапықластырып барады;

шығындылар көмип тасланатуғын ҳәм утилизацияланатуғын орынлардың мәмлекетлик кадастрин жургизеди;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы илимий изертлеў ҳәм технологиялық ислеп шығарыўлар ҳәмде жойбар-смета ҳүжжетлериниң мәмлекетлик экологиялық экспертизасын өткериў;

шығындылардың пайда болыўының белгиленген нормативлерине ҳәм шығындыларды жайластырыў объектлерине келисим береди;

шығындыларды жайластырыў лимитлерин тастыйықлайды;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

8-статья. Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы ўәкилликлери

Қарақалпақстан Республикасы Ден саўлықты сақлаў министрлиги:

шығындылар менен байланыслы жумысларды иске асырыў барысында белгиленген санитариялық нормалар ҳәм тәртиплерге әмел етиў үстинен мәмлекетлик санитария-эпидемиологиялық қадағалаўды әмелге асырады;

пуқаралардың турмысы ҳәм денсаўлығын шығындылардың зыянлы тәсиринен қорғаў илажларын белгилейди;

шығындылар менен байланыслы болған жумысларды әмелге асырыў объектлери жөнинде мәмлекетлик санитария-гигиена экспертизасы жуўмағын береди;

шығындылардан таярланатуғын товарларға (өнимлерге) бола санитария-гигиена талапларын белгилейди жәнеде оларға байланыслы гигиена сертификатын береди;

шығындылардың пуқаралардың өмири ҳәм денсаўлығы ушын қәўиплилик дәрежесин белгилеўде методикалық тәмийнлеўди әмелге асырады;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

**9-статья. Қарақалпақстан Республикасы Коммуналлық пайдаланыў бирлеспесиниң шығындылар менен байланыслы жумысларын әмелге асырыў саласындағы ўәкилликлери**

Қарақалпақстан Республикасы Коммуналлық пайдаланыў бирлеспеси: турмыслық-руўзыгершилик шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыўдың мәмлекетлик бағдарламасын ислеп шығарыў ҳәм оларды белгиленген тәртипте

#арақалпақстан Республикасы Министлер Кеңесиниң тастыйықлаўына усынады;

турмыслық-руўзыгершилик шығындыларды топлаў, тасыў, қайта ислеў ҳәм утилизациялаў жағдайы мониторингин әмелге асырады;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

10-статья. Қарақалпақстан таў-кән техникалық басқармасының шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы ўәкилликлери

Қарақалпақстан таў-кән техникалық басқармасы:

кәншилик ҳәм қайта ислеў саласындағы ислеп шығарылған шығындылардың есабын алыў, сақлаў ҳәм утилизациялаў үстинен мәмлекетлик қадағалаўды ҳәм тексериўди;

радиоактив шығындыларды сақлаў, тасыў, утилизациялаў ҳәм көмип таслаў ўақтында радиациялық қәўипсизлик үстинен мәмлекет қадағалаў;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

11-статья. Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымларының шығынды менен байланыслы болған жумысларын әмелге асырыў саласындағы ўәкилликлери

Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты уйымлары:

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыўға қаратылған улыўма мәмлекетлик бағдарламаларын орынлаўда қатнасады;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыўға

қаратылған жергиликли бағдарламаларды тастыйықлайды;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласында исбилерменлик хызметин раўажландырыў ушын шараят жаратып береди;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў объектлерин тийисли аймақта жайластырыў мәселелерин шешеди;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине әмел етиў үстинен қадағалаў жүргизеди;

шығындыларды топлаў ҳәм утилизация кәрханаларының шөлкемлестириўине жәрдемлеседи;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

## 12-статья. Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларының шығындылар менен байланыслы жумысларын әмелге асырыў саласындағы ўәкилликлери

Пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары:

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў объектлерин тийисли аймақларда жайластырыў мәселелерин шешиўде қатнасады;

елатлы пунктлериниң санитариялық жақтан тазаланыўына және де турмыс-руўзыгершилик шығындыларын жыйнап алып кеткенлиги ушын төлемлердиң ўақтында төленилиўине жәрдем береди;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў объектлериниң санитария ҳәм экологиялық жағдайы үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырады;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

13-статья. Пуқаралардың шығындылар менен байланыслы жумысларын әмелге асырыў саласындағы ҳуқық ҳәм ўазыйпалары

Пуқаралар:

шығындылар менен байланыслы жумыслар әмелге асырылып атырғанда өмири ҳәм денсаўлығы ушын қәўипсиз жағдайлар менен тәмийинлениў;

өзлери жасап атырған орынларда қәўипли шығындылар бар ямаса жоқлығы ҳаққында, жойбарластырып атырған, қурылып атырған, сондай-ақ ислеп турған шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў объектлериниң қәўипсизлиги ҳаққында белгиленген тәртипте толық ҳәм анық мәлимлеме алыў;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў объектлери қурылысына тийисли қарарларының жойбарлары додаланыўына қатнасыў;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң бузылыўы нәтийжесинде өмири, денсаўлығы ҳәм мал-мүлкине келтирилген зыянды төлетиў;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў объектлериниң санитария ҳәм экологиялық жағдайы үстинен жәмийетлик қадағалаўды әмелге асырыўда қатнасыў ҳуқықларына ийе.

Пуқаралар:

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырып атырғанда белгиленген санитария нормалары ҳәм тәртиплерге, басқа талапларға әмел етиўи;

турмыс-руўзыгершилик шығындыларын топлап алып кетиў менен шуғылланыўшы кәрханалар ҳәм шөлкемлер хызметинен пайдаланғаны ушын төлемлерди белгиленген тәртипте төлеп барыўлары шәрт.

Пуқаралар шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласында нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықларға ийе болыўлары және де жуўапкершилигинде басқа миннетлемелер де болыўы мумкин.

14-статья. Юридикалық шахслардың  шығындылар менен байланыслы жумысларын әмелге асырыў саласындағы ҳуқықлары

Юридикалық шахслар:

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы  арнаўлы ўәкиллиги бар мәмлекет уйымларынан шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласында санитария нормалары ҳәм тәртиплери, экологиялық нормативлер ҳаққында белгиленген тәртипте мәлимлеме алыўға;

территорияны таза тутыўдың санитария нормалары ҳәм тәртиплерине муўапық рәўиште шығындыларды жайластырыў объектлеринде сақлаўға;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы арнаўлы ўәкиллиги бар мәмлекет уйымларына, жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымларына шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў объектлерин жайластырыў, жобаластырыў, қурыў ҳәм олардан пайдаланыўға байланыслы усынысларды бериўге;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыўға қаратылған мәмлекетлик бағдарламаларды ислеп шығыўда қатнасыўға;

шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў нәтийжесинде басқа шахслар тәрепинен өзлерине келтирилген зыянды төлетиўге ҳуқықлы.

Юридикалық шахслар шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласында нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықларға да ийе болыўлары мумкин.

15-статья. Юридик шахслардың шығындылар менен байланыслы жумысларын әмелге асырыў саласындағы миннетлемелери

Юридикалық шахслар:

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы белгиленген санитариялық нормалар ҳәм тәртиплерге, экологиялық нормативлерге әмел етиўге;

нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте шығындылардың есабын жүргизиўге, олар ҳаққында есап бериў;

шығындылардың пуқаралар өмири ҳәм денсаўлығы, қоршаған орталық ушын қәўиплилик дәрежесин белгиленген тәртипте анықлаўға;

шығындылардың пайда болыў нормативлери ҳәм шығындыларды жайластырыў лимитлери жойбарларын ислеп шығыўға;

ресурслық қунына ийе ҳәм утилизацияланыўы тийис болған шығындылардың топланыўы, тийисли дәрежеде сақланыўының тәмийнлеўи жәнеде олардың жоқ етилиўи ҳәм бузылыўына жол қоймаўға;

өзлериниң мүлки болған шығындылардың утилизацияланыўы бойынша технологияларды ислеп шығыў ҳәм турмысқа енгизиў илажларын көриўге;

шығындылардың араласып кетиўине (ислеп шығарыў технологиясында нәзерде тутылған жағдайлар буған кирмейди) жол қоймаўға;

шығындылардың рухсат етилмеген орынларда ямаса объектлерде сақланыўы ҳәм қайта ислениўи, утилизацияланыўы ҳәм көмип тасланыўына жол қоймаўға;

шығындылар жайластырылған өз объектлериниң санитариялық ҳәм экологиялық жағдайы үстинен қадағалаў алып барыўға;

шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў шараяты

бузылған жер участкаларында рекультивация жумысларын өткериўге;

шығындыларды мүмкин болғанша көбирек утилизациялаў, оларды шығынды топлаў, сақлаў ҳәм утилизациялаў менен шуғылланыўшы басқа юридкалық ҳәм физикалық шахсларға реализация етиў ямаса бериў илажлары комплексини әмелге асырыўға, сондай-ақ утилизацияланбайтуғын шығындыларды экологиялық жақтан қәўипсиз түринде көмип тасланыўды тәмийнлеўге;

жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымларына, шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў тараўындағы арнаўлы ўәкилликке ийе мәмлекет уйымларына қоршаған орталыққа рухсат алынбаған түринде шығындылар шығарылғанлығы жағдайлары, көрилген илажлар ҳаққында белгиленген тәртипте мәлимлеме усыныўға;

шығындыларды жайластырғанлығы ушын белгиленген тәртипте компенсация төлемлери;

шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў нәтийжесинде пуқаралардың өмири, денсаўлығы ҳәм мал-мүлкине, қоршаған орталыққа, юридикалық тәреплерге жеткерилген зыянның орнын қаплаўға миннетли.

Юридикалық шахслар жуўапкершилигинде шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў тараўында нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа миннетлемелериде болыўы мүмкин.

16-статья. Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласында жеке исбилерменлердиң ҳуқық ҳәм миннетлери

Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласында жеке исбилерменлер усы Нызамда юридикалық шахслар ушын нәзерде тутылған ҳуқықларға ийе болады ҳәмде миннетлемлерин орынлайды.

17-статья. Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыўда қәўипсизликти тәмийинлеў

Юридикалық шахслардың шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы хызмети пуқаралардың өмири ҳәм денсаўлығының және де қоршаған орталықтың қәўипсизлигин тәмийнлеўи керек.

Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери талапларының бузылыўы нәтийжесинде пуқаралардың өмири ҳәм денсаўлығына ямаса қоршаған орталыққа зыян келтирилгенде, сондай-ақ  пуқаралардың өмири ҳәм денсаўлығы, қоршаған орталығы ушын қәўипсизликти тәмийнлеўши техникалық ямаса басқа имканияты болмай турып қәўипли шығындылар пайда болған жайдайларда юридикалық шахслардың хызмети  белгиленген тәртипте шеклениўи, тоқтатып қойылыўы ямаса сапластырылыўы мүмкин.

18-статья. Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласында  нормаластырыў

Пуқаралардың өмири, денсаўлығы, қоршаған орталықты қорғаўды тәмийинлеў, шығындылардың пайда болыўын кемейтиў мақсетинде шығындылардың пайда болыў нормативлери ҳәм шығындыларды жайластырыў лимитлери ислеп шығылады.

Шығындылардың пайда болыў нормативлери шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы  арнаўлы ўәкиллиги бар мәмлекет уйымлары менен келискен жағдайда юридикалық  шахслар тәрепинен ислеп шығылады ҳәм тастыйықланады.

Шығындыларды жайластырыў лимитлери юридикалық шахслар  тәрепинен ислеп шығылады. Шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы арнаўлы ўәикллиги бар мәмлекет уйымлары тәрепинен тастыйықланады.

Шығындылардың пайда болыў нормативлерин және де шығындыларды жайластырыў лимитлерин ислеп шығыў ҳәм тастыйықлаў тәртиби нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди.

**19-статья. Шығындыларды экологиялық сертификатлаў**

Алды-сатты, экспорт-импорт операциясы объекти болған шығындылар, сондай-ақ тасылыўы керек болған қәўипли шығындылар, шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласындағы санитариялық нормалар ҳәм тәртиплерге экологиялық нормативлерге муўапық бойынша экологиялық сертификатлаўдан өткерилиўи керек, оның нәтийжелерине бола шығындылардың мүлк ийелерине экологиялық сертификат бериледи.

Шығындыларды экологиялық сертификатлаў тәртиби нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди.

**20-статья. Қәўипли шығындыларды тасыў**

Қәўипли шығындыларды тасыў шығындылардың экологиялық сертификаты және де оларды тасыў ушын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте берилген рухсатнама бар болған жағдайда арнаўлы үскенеленген транспорт қуралларында әмелге асырылады.

Қәўипли шығындыларды қәўипсиз тасыў ушын жуўапкершилик транспорт шөлкеминиң мойнында болады.

**21-статья. Шығындыларды алып кириў**

Қарақалпақстан Республикасы аймағында шығындыларды, соның ишинде сырт елге радиоактивлик шығыныдылардың түрлерин сақлаў ҳәм көмип таслаў мақсетинде алып кириў қатарына киреди.

Пуқаралардың өмири ҳәм денсаўлығы, қоршаған орталықтың қәўипсизлигин тәмийнлеў шәрти менен шығындылар тек ғана қайта

ислеў ҳәм утилизациялаў ушын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте алып кирилиўге жол қойылады.

**22-статья. Шығындыларды сақлаў ҳәм көмип таслаў бойынша талаплар**

Шығындыларды сақлаў, санитариялық нормалар ҳәм тәртиплерге, экологиялық қәўипсизлик талапларына муўапық және де шығындылардан ақылға муўапық пайдаланыў ямаса олардың басқа шахсларға берилиўин тәмийнлеўши усылларда әмелге асырылады.

Шығынидылар көмип тасланатуғын орын (қәўипли шығындылар буған кирмейди) жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымлары тәрепинен нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте белгиленеди.

Қарақалпақстан Республикасында утилизациялаў ушын тийисли технологиялары бар болған шығындылардың көмип тасланыўына жол қойылмайды.

Шығындыларды елатлы пунктлердиң жерлеринде, тәбиятты қорғаў, саламатландырыў, рекреациялық мақсетлерге бағдарланған жерлерде ҳәм материаллық мәдений мийрас объектлери жайласқан жерлерде, пуқаралардың өмири ҳәм денсаўлығына, сондай-ақ тәбиатты қорғаў объектлерине ҳәмде қорғалатуғын тәбийғый аймақларға зыян жеткизиў қәўипи келип шығыўы мүмкин болған басқа орынларда сақлаў ҳәм бундай орынларға көмип таслаў қадаған етиледи. *(ҚР ЖК 26.12.2018-ж. 225/XX8V-санлы Нызамына тийкар өзгерислер киритилген)*

Айырым жағдайларда, арнаўлы изертлеўлердиң нәтийжелерине бола пуқаралардың өмири ҳәм денсаўлығы, қоршаған орталықтың қәўипсизлигин, тәбийий ресурслар сақланыўын тәмийнлеў талапларына әмел еткен жағдайда шығындыларды жер астына көмиўге жол қойылады.

**23-статья. Шығындыларды жайластырғаны ушын компенсация**

**төлемлери**

Шығынылдларды арнаўлы ажыратылған ҳәм үскенеленген орынларға жайластырғаны ушын компенсация төлемлери өндириледи.

Компенсация төлемлери муғдары белгиленген тәртипте шығындыларды жайластырыў лимитлери тийкарында, шығындылардың пуқаралар өмири ҳәм денсаўлығы жәнe қоршап турған орталық ушын қәўиплилик дәрежесине қарай белгиленеди.

24-статья. Шығындыларды утилизациялаў ҳәмде олардың пайда болыўын кемейтириў бойынша жумысларды жақсылаў

Шығындылардың пайда болыўын кемейтириў ҳәм де оларды утилизациялаўға бағдарланған кәрханалар ҳәм цехлар қурып атырған, үскенелер ислеп шығарып атырған, шығындыларды утилизациялаў ҳәм олардың пайда болыўын кемейтиў ушын илажларды қаржыландырыўда үлес тийкарында қатнасып атырған юридикалық ҳәм физикалық тәреплерге нызам ҳүжжетлерине муўапық жеңилликлер бериледи.

Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымлары, шығындыларды утилизациялаў ҳәм олардың пайда болыўын кемейтириўге байланыслы хызметин хошаметлеў бойынша өз ўәкилликлери шеңберинде қосымша илажлар белгилеўи мумкин.

25-статья. Шығындыларды утилизациялаў ҳәм олардың пайда болыўын кемейтириўге байланыслы илажларын қаржыландырыў

Шығындыларды утилизацилаў ҳәм олардың пайда болыўын кемейтириўге байланыслы илажларды қаржыландырыў шығындылардың мүлк ийелери қаржылары есабынан әмелге асырылады. Усындай илажларды қаржыландырыўға тәбиятты қорғаў қорларының, бюджеттен тыс қорлардың қаржылары, юридикалық ҳәм физикалық

тәреплердиң ерикли взнослары, сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасының Мәмлекетлик бюджети қаржылары тартылыўы мүмкин.

**26-стаья. Шығындылардың мәмлекетлик есабын жүргизиў**

Алып келинетуғын, алып шығылатуғын, әмелде бар болған ҳәм Қарақалпақстан Республикасы аймағында пайда болған, сондай-ақ транзит формада алып өтилетуғын шығындылардың мәмлекетлик есабы жүргизилиўи керек.

Шығындылар ҳаққындағы мәмлекетлик статистика есабының нормасы, оны усыныў тәртиби Қарақалпақстан Республикасы Статистика басқармасы тәрепинен тастыйықланады.

**27-статья. Шығындыларды паспортлаў**

Қарақалпақстан Республикасы аймағында пайда болатуғын шығындылар паспортланыўы лазым.

Шығынды паспорты шығындының ҳәр бир түри ушын юридикалық шахслар тәрепинен дүзиледи. Ислеп шығарыў технологиясы менен байланыслы формада шығындының өзине тән өзгешеликлери өзгерген жайдайда шығынды паспортына өзгерислер ҳәм қосымшалар киргизиледи.

Шығындыларды паспортластырыў тәртиби нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди.

28-статья. Шығындыларды көмип таслаў ҳәм утилизациялаў орынлары мәмлекетлик кадастры

Шығындыларды көмип таслаў ҳәм утилизациялаў орынлары ҳаққындағы мәлимлемелер топланыўы, қайта islениўи, сақланыўы ҳәм талланыўын тәмийнлеў мақсетлеринде шығындыларды көмип

таслаў ҳәм утилизациялаў орынларының мәмлекетлик кадастры жүргизиледи. Кадастрде шығындылардың муғдары ҳәм сапа сыпатламалары, шығынды менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў ҳаққындағы ҳәмде олардың қәўипсизлик дәрежесин кемейтиўдиң илажлары ҳаққындағы мәлимлемелер өз сәўлелениўин табады.

Шығындыларды көмип таслаў ҳәм утилизациялаў орынларының мәмлекет кадастры нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте жүргизиледи.

**29-статья. Тартысларды шешиў**

Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў саласында пайда болған тартыслар нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

30-статья. Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузылғанлығы ушын жуўапкершилик

Шығындылар менен байланыслы жумысларды әмелге асырыў ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери бузылғанда айыпкер шахслар белгиленген тәртипте жуўап береди.